**CHIMBOY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**
*231400, Chimboy tumani, Dustlik koʻchasi, r/u.*

**CHIMBOY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**
*231400, Chimboy, Dustlik guzori street,*

Tel: (55) 102-40-54 (95754), e-mail: i.chimboy@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ШЕШИЎШИ ҚАРАРЫ**

**Шымбай районы 2023-жыл 20-декабрь 4-2304-2302/2347-санлы ис**

Шымбай районлар аралық экономикалық судының судьясы Н.Балтабаеваның басшылығында, судья жәрдемшиси К.Данияровтың хаткерлигинде, даўагер ўәкили ХХтың (исеним хат тийкарында) қатнасыўында, Өзбекстан ХХ Қарақалпақстан Республикасы басқармасы «ХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийети мәпин қорғап, жуўапкер "ХХ" фермер хожалығынан 10.687.933,83 сум жәрийма өндириўди сораған даўа арзасын ҳәм қосымша қылынған ҳүжжетлерин суд имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Өзбекстан ХХ Қарақалпақстан Республикасы басқармасы «ХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийети мәпин қорғап (кейинги орынларда даўагер деп жүритиледи) жуўапкер "ХХ" фермер хожалығынан (кейинги орынларда жуўапкер деп жүритиледи) 10.687.933,83 сум жәрийма өндириўди сораған.

Суд мәжилисинде даўагер ўәкили даўа талабын қоллап қуўатлап, нызамлы шешим қабыл етиўди сорады.

Өзбекстан ХХ Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм жуўапкер суд мәжилисине келмеди.

Суд, Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 170-статьясының үшинши бөлиминде “Исти көриў ўақты ҳәм болатуғын орны ҳаққында тийисли тәртипте хабарландырылған жуўапкер, үшинши шахслар суд мәжилисине келмесе, даўа олардың жоқлығында исти көриў мүмкин” делинген, сонлықтан исти Өзбекстан ХХ Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм жуўапкердиң қатнасыўысыз қараўды мақул тапты.

**Суд истеги ҳүжжетлерди үйренип шығып даўа арзаны қысман қанаатландырыўды мақул тапты.**

Тәреплер орталарында 2022-жыл 03-октябрь күнги 31-санлы бийдай өнимлерин жеткизиў ҳаққындағы шәртнама дүзилген.

Шәртнаманың 1.1-бәндлерине тийкар, жуўапкер даўагерге бийдай өнимин жеткизиў миннетлемесин алған.

Шәртнамаға тийкар, жуўапкер даўагерге 49.398.013,5 сумлық өним жеткизип бериў миннетлемесин алған.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда ПК деп жүритиледи)ниң 437-статьясына муўапық, өним жеткерип бериў шәртнамасына тийкар исбилерменлик жумысы менен шуғылланып атырған өним жеткерип бериўши - сатыўшы шәртлесилген мүддетте яки мүддетлерде өзи ислеп шығаратуғын яки сатып алатуғын өнимлерди сатып алыўшыға исбилерменлик жумысында пайдаланыў ушын, жеке, шаңарақлық мақсетлерде, күндекли турмыста ҳам соған уқсас басқа мақсетлерде пайдаланыў менен байланыслы болмаған басқа мақсетлерде пайдаланыў ушын тапсырыў, сатып алыўшы болса өнимлерди қабыл етип алыў ҳәм олардың ҳақысын төлеў миннетлемесин алады.

ПКниң 236-статьясына муўапық, миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық, бундай шәртлер ҳәм талаплар болмағанда-ис қатнасықлары яки әдеттеги қойылатуғын басқа талапларға муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек.

Сол себепли даўагер жуўапкерден 10.687.933.83 сум жәрийма өндириўди сораған.

Шәртнаманың 6.1-бәндине тийкар, жуўапкер даўагерге тапсырылмаған өним баҳасынан 30 пайызы муғдарында жәрийма төлеў кереклиги көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 236-статьясына тийкар, миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек. Усы Кодекстиң 333-статьясына тийкар, қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламаған ушын егер Нызам ҳүжжетлеринде яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленбеген болса, жуўап береди.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды Пленумының 2007-жыл 15-июнь күнги «Миннетлемелерди орынламағанлығы яки лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын мүлкий жуўапкершилик ҳаққындағы пуқаралық нызам ҳүжжетлерин қоллаўдың айрым мәселелери ҳаққында»ғы 163-санлы қарарының 4-бәнди бойынша, пуқаралық кодекстиң 326-статьясына муўапық суд қарыздар тәрепинен миннетлемелердиң орынлаў дәрежесин, миннетлемеде қатнасыўшы тәреплердиң мүлкий аўҳалын, сондай-ақ, кредитордың мәпин итибарға алып, неустойка муғдарын кемейтиўге ҳақылы екенлиги көрсетилген.

Солай етип, суд даўа арзаны қысман қанаатландырыўды, жуўапкерден даўагер пайдасына 5.343.967 сум жәрийма ҳәм 33.000 сум почта қәрежетин өндириўди, даўаның қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды мақул тапты.

Ис бойынша төлениўи лазым болған даўа суммаларының 2 пайызы муғдарында яғный 330.000 сум мәмлекетлик бажы жуўапкерден республика бюджетине өндирилиўге жатады.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**Қ А Р А Р Е Т Т И :**

Даўа арза қысман қанаатландырылсын.

Жуўапкер "ХХ" фермер хожалығынан даўагер «ХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийети пайдасына 5.343.967 сум жәрийма ҳәм 33.000 сум почта қәрежети өндирилсин.

Даўаның қалған бөлеги қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер "ХХ" фермер хожалығынан республика бюджетине 330.000 сум мәмлекетлик бажы пул өндирилсин.

Шешиўши қарар нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хат берилсин.

Шешиўши қарар қабыл етилген күннен бир айдан кейин нызамлы күшине киреди ҳәм қарарға наразы тәреп усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза (прокурор протест) бериўи мүмкин.

**Судья** **Н.Балтабаева**